



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE LÈT POU DELEGASYON KONGRÈ NEW YORK LA KI MANDE LI ASIRE KE YO AJOUTE 500 MILYA DOLA NAN ÈD SAN RESTRIKSYON POU ETA A NAN NENPÒT PAKE SOULAJMAN SENA A AP VOTE

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a [lèt](#) pou Delegasyon Kongrè New York la ki mande li asire ke yo ajoute 500 milya dola nan èd san restriksyon pou Eta a nan nenpòt pake soulajman Sena a ap vote.

Tèks konplè lèt la disponib anba la a:

Chè Senatè yo Schumer ak Gillibrand ak manm Delegasyon Kongrè Eta New York la:

Kite mwen kòmanse pa remèsye ou pou tan ou ak atansyon ou nan non pèp Eta nou an pandan pandemi COVID la. Kòm mwen sèten ou dakò, pèfòmans gouvènman an plis vital jodi a pase nan plizyè deseni.

Lwa sou Sante, Asistans Ekonomik, Pwoteksyon Responsabilite ak Lekòl (Health, Economic Assistance, liability Protection and Schools Act, HEALS Act) la ke nou ap konsidere aktyèlman an enpòtan pou New York. Kòm nou konnen Asosyasyon Gouvènè Nasyonal (National Governors Association) la te mande pou 500 milya dola nan èd san restriksyon Eta a. Anpil ekonomis notab te opine ke san èd Eta ak lokal la ekonomi nasyonal la pral soufri epi yon resesyon posib. Kòm nou konnen Lwa sou Èd, Soulajman, ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security Act, CARES Act) pase a te distribye èd gras ak yon fòm finansman ki te motive politikman pou favorize Eta Repibliken yo epi ki douloure pou New York.

Eta New York te resevwa 25,000 dola pou chak ka COVID nan men gouvènman federal la epi Alaska te resevwa 2.5 milyon dola pou chak ka COVID.

Lejislasyon an pral etabli an reyalite bidjè Eta a de fèt. Lejislati Eta a te vote yon bidjè ane sa a ki bati pou repoze sou èd federal ou bay la. Kòm ou konnen, Eta New York genyen yon defisi nan revni pou 14 milya dola nan ane fiskal aktyèl la ak 16 milya dola an 2022 kòm yon rezilta dirèk pandemi an epi san èd federal anplis la nou pral bezwen redwi finansman pou lopital yo, lekòl yo ak gouvènman lokal yo nan 20%. Nan mezi lejislasyon federal la bay Eta a finansman, se pral mezi rediksyon nan diminisyon 20% sa a. Pa egzanp, si Eta a resevwa 14 milya dola li mande a, nou ta kapab finanse konplètman bidjè a pou yon ane (2021). Menm jan an, si Eta a resevwa 7 milya dola,

lekòl yo, lopital ak gouvènman lokal yo pral diminye nan 10%. Pwojè lwa Sena Repibliken atkyèl la egzijè finansman pou edikasyon. Si Eta New York pa te resevwa omwen 14 milya dola pou 2021 ak 16 milya dola pou 2022, men dwe finansman konplètman edikasyon, pral genyen yon pi gwo diminisyon nan lopital yo gouvènman lokal yo. Se yon jwèt ak sòm nil. Nan absans finansman konplè pou defisi revni an, finansman konplè pou edikasyon pral egzijè diminisyon anplis depase 20% pou lopital yo, gouvènman lokal yo ak òganizasyon ki pa gen bi likratif yo.

Pou rezon klote kite mwen bay plis detay sou pètinans HEALS Act repibliken ke yon pwopoze a:

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) genyen yon defisi 12 milya dola epi san finansman li ap oblije ogmante pri peyaj yo ak kous yo.

Se vwayaj ak aktivite ki gen rapò ak yo a ki finansman Otorite Pòtyè (Port Authority) a epi yo te sibi yon pèt 3 milya dola. San asistans Federal la konstriksyon Ayewopò LaGuardia ak John F. Kennedy ak lòt amelyorasyon yo ta kapab senpleman sispann oswa retade.

HEALS Act la pral detèmine tou taks sou pwopriyete Nouyòkè yo. Mwen aplodi Lwa sou Sante, Asistans Ekonomik, Pwoteksyon responsabilite ak Lekòl yo (Health, Economic Assistance, liability Protection and Schools Act, HEROES Act), ke Chanm Reprezantan (House of Representatives) an, Pòtpawòl Pelosi ak Manm New York yo te pwopoze a. Li esansyèl ke Sena a ajoute pwovizyon HEROES Act la sou abwogasyon Enpo Eta ak Lokal (State and Local Taxes, SALT) la nan pwojè lwa final la. Pwovizyon SALT Federal la ke yo te adopte an 2017 la te efektivman yon vòl sou pèp Eta New York la. Aksyon federal sa a sèlman ap koute Nouyòkè yo jiska 15 milya dola anplis enpo federal yo, yon depans mwayèn 8,700 dola te afekte Nouyòkè yo. Abwoje SALT la nan pwojè lwa sa a esansyèl. Mwen te mande nou piblikman pou vote kont nenpòt pwojè lwa ki pa gen ladan refòm SALT la ajoute nan pwojè lwa Kongrè a. Nouyòkè yo te tande twòp ekskiz pandan twò lontan.

Nou te aprann nan lejislasyon soulajman pou COVID-19 pase a ke Gouvènman Federal la ki bay èd pou lopital endividyèl yo, lekòl yo ak gouvènman lokal yo te abitrè ak dispwopòsyone. Pandan mwen konprann dezi politik pou livre asistans lan li pa te sèvi byen Eta New York la. Finansman an te enjis ak inegal. Eta a nan yon pi bon pozisyon pou pran pi bon desizyon, poutèt sa nou mande nou yon fwa ankò pou asire ke èd 500 milya dola san restriksyon pou Eta a nan nenpòt pake soulajman Sena a ap vote.

Pwochen lejislasyon soulajman pou COVID-19 sa a se pwojè lejislasyon ki pi enpòtan pandan ane mwen kòm Gouvènè. Li pral genyen enpak san presedan sou Eta New York. Lè lejislasyon sa a vote li pral enfòmè lekòl yo, lopital yo, gouvènman lokal la, MTA a, Otorite Pòtyè ak kontribyab yo sou pèspektiv yo pou ane a.

Biwo mwen an disponib pou bay nenpòt enfòmasyon ou gendwa bezwen epi li ap bay enfòmasyon ak Senatè Schumer kòm Lidè Minorite Sena a ak Manm Kongrè Lowey, Prezidan Komite Apwopriasyon Kongrè (House Appropriations Committee) a.

Mwen pa ka tann pou travay avèk nou sou lejislasyon enpòtan sa a".

Sensèman,

ANDREW M. CUOMO

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)